

# Puisi Béling (Sakumpulan Sajak Nyeuri Haté Abi)

*MUHAMMAD AKMAL FIRMANSYAH*

**Puisi Béling**  
**(Sakumpulan Sajak Nyeuri**  
**Haté Abi)**

Muhammad Akmal Firmansyah

Layout ku: Andhika.Printing

Gambar sampul ku: Willy Wonka

Pemeriksa Aksara: Dafrut

diterbitkeun jeung didistri-  
busikeun ku Malapah Gédang,  
Oktobér 2024.

Citakan pertama, 2 Oktober 2024.

## Pangantér

Neda nyangkeun zine jilid kahiji Puisi Beling: Sakumpulan Sajak Ny-  
euri Haté Abi. Dina puisi-puisi nu baris medal ieu pembaca moal  
kénging nanaon malihan puisi-puisi ieu hadéna mah dijadikeun  
bungkus gorengan. Leres, puisina goreng oge acan. Namung, dina  
ieu judul katinggalinamah gagah pisan kusabab kainspirasian ku  
dua karya anu kahiji kaimplengan ku karya anggitan Apip Mustopa  
nyaeta Bogoh Ka Randa anu mana nyaritakeun hiji jalmi nu kany-  
eyuri ku perasaan pikabogoh tapi teu dibales di pangumbaraan.

Anu kadua kainspirasian ku Remy Sylado dina Puisi Mbéling.  
Ah siganamah ieu keren mung uing nulisna jadi puisi béling,  
naon senah béling teh? Béling teh nalika kaca pepeus teras ng-  
aburancay jadi béling tah eta maksadnamah kandas cinta kuring.

Tangtu ieu sakumpulan puisi disanggakeun ka mantan kuring,  
ka barudak anu meureun cenah bahasa gaulnamah rélete. Mu-  
gia ku médalna ieu puisi tiasa nga-delete kenangan-kenangan.

Heug nyanggakeun puisi-puisi goreng oge acan, hade  
oge henteu, neda dihapunten pami gaduh kalelepatan.

*Rabu, 2 Oktober 2024  
Kabupatén Bandung*

## **Daptar Eusi**

Naon Senah Anu Teh Abadi, Pak Sapardi	5
Nya Kieu Weh, Abi Ceurik Deui	6
Jang Anu Teu Mungkin, Jeung Anu Mungkin	7
Anu Ngahuleng sabada Ngagorowok Dina Toa	8
Ari kahayang mah Kawas Batur	9
Jang Barudak Anu Can Keneh Bisa Move On	10
Hirup Mah Silih Antrean	11
Sono	12
Pangabutuh	13
Abdi	14
Puisi Goreng 1	15





# Puisi Beling (Sakumpulan Sajak Nyeuri Haté Abi)



## **Naon Senah Anu Abadi Téh, Pak Sapardi**

Anu abadi mah ngaran gang, ngaran jalan amun partaina lain nasionalis pasti moal loba ngaran Sukarno-Hatta. anu abadi mah eta ceunah aya bejamah ormas anu kantos digegendong ku pamarentah. anu abadi mah eta ceunah mahasiswa anu enya ngayakeun simulasi aksi ari taeun dekeut jeung pulisi. Leres abi anu fana mah, mulih deui ka babalik pikir nyen abi teh saha, saha ari abi bapak Sapardi?

nu fana mah warna bereum ci limun muhun fanta katawisnamah keur halodo kieu garing tapi da ceunah ceuk beja kudu diboikot mending meseur bajigur. Anu fana mah eta tempat ngojay muhun maksadnamah eta panorama. Janten, anu fana jeung abadi teh naon?

oh waktos, waktos. Ayeuna teh abi seur hawatos mikiran wae artos, leres waktos teh artos, pantesan seur jalmi seur anu hawatos janten keueng kalebeut abi

## **Nya Kieu Weh, Abi Ceurik Deui**

Saha anu apal urang bakal kandas, dina lamunan mah hayang kawas batur atawa carita-carita dina drama amun henteu kawas carita dina novel anu éndahna kacida. Mung, hirup mah lalakonan kusabab pigawé sorangan. Ayeuna kuring kawas biasa nyaeta ngalamun, bari ninyuh cikopi, nyesép jarcok jeung ngadangu lagu The Adams.

Saprak ageus pegat jeung si Nyai, hirup téh meni sepi, dek nanaon asa hoream, tapi senah arurang teh jalma leutik anu oge kudu mikiran dahar, leuwih sedih teu boga duit tibatan peugut ku asmara.

hayangnamah boga duit kawas batur, meh bisa meuli stélan alus diga seniman sejen anu unggal poe boga agenda ngawangkong tapi urang sebernamah gawe oge barijeung mun ditenzo ku baturmah biasa wae, aslinamah uing teh keur kaduhung nyaris dek linglung, ampun paralun.

hayangmah ayeuna teh ngajieun puisi anu hadé dina kaayan manah awut-awutan, tapi teu sanggup aweh kabisa, sabab kahayang ayeunamah bisa mikaboga anu baheula dipikaboga tapi ayeuna teu bisa, ayeunamah hayang ceurik waelah.

## **Jang Anu Teu Mungkin, Jeung Anu Mungkin**

mungkin abi resep ka neng,  
tapi jajauhan ku kaayaan  
abimah lain sasaha,  
saha atuh abi?

neng, syarat utami dina mikabogoh teh nyaeta mikaresep eta atos  
dilakonan ku abi  
ngan mun kedah bobogohan  
yakin neng oge heran, sabab aya syarat kadua nyaeta kedah sadar  
diri

abimah sadar diri weh,  
abimah lain sasaha  
nya saha atuh abi?

## **Anu Ngahuleng Sabada Ngagorowok Dina Toa**

balad-balad ayeuna urang ngaharepan september hitam nalika nagara nguatkeun impunitas. balad-balad ayeuna urang pada-pada mikiran muhasabah kana anu naon nu parantos dicumponan, kahade milik arurang, nu butut mah milik nagara.

isukna, baturan nu biasa ngagorowok dina leungiteun jadi pananyaan dulur-dulurna. Pek teh sing horeng keur ngahuleng tarik mikiran kumaha salain ngagorowok bisa ngungkapkeun rasa mikanyaah tapi teu bisa, dipaksa kadon jadi cilaka. Pek ceurik deui weh jang.

minggu hareup, urang ngagorowok deui ka negara, keun nu goreng mah negara, panan si neng mah masih istimewa eta oge mun maneh teu balik mikir.

## **Ari Kahayang mah Kawas Batur**

boga kabogoh

boga kabogoh

boga kabogoh

ari silaing aweh kacape minghareupkeun jelma anu jelas-jelas  
embungeun

## **Jang Barudak Anu Can Kéneh Bisa Move On**

kalem urang oge sarua,  
keur aya keneh diga nu enya  
geus awehna nyeuri kabina-bina  
padahal anu salah diri sorangan

keun can bisa mah ulah dipaksa,  
ngan wayahna capena aweh dua  
dek ngumbara kamana  
tetep weh mikiran anu baheula kungsi aya

keur bareto aya di sia-sia  
cenah mun pangalaman teh  
guru nu terlambat

nyaho kitu mending ulah sakola, sing sabar milikna teing kamana.  
Nya ti mana?

## Hirup Mah Silih Anteran

“Kamana a,” saur si amang anu parantos kuring pesen ngaliwatan layanan aplikasi ojeg onlen. Sapanjang jalan manehna nyarita naon wae nu parantos kaalaman dina nyakolakeun murangkalih dugi pamajikan dicokot ku jawara. “abi wani a, amun sorangan-sorangan, da manehna jadi preman pasar wanina sok lobaan, ah cing bisa mawana weh,” ceuk si amang baris terus nyaritakeun pangalaman hirupna. Simkuring ninggali sisi-sisi jalan macaan papan reklame bari teras ngadangukeun carita manehna anu paadu-adu jeung angin ngahaliwir. “Tapi hirupmah silih anteran nya, A,” kitu ceuk manehna dina lampu merah kacida lilana. “Abi nganterkeun aa, abi oge atos nganterkeun murangkalih ayeuna tos gede jeung nikah, cing sina bisa mawana,” tuluy eta si amang nyarita. Alhamdu, lampu hejo tuluy maju kédap deui dugi kanu panuju, téu lila ageus carita si amang dugi ka lokasi anu dianteran ku manehna. Muhun saurna hirupmah silih nganterkeun.

## Sono

saurna teh anjeun sono  
ka abdi, tapi abdi tara ngarti  
abong senah lalaki  
tapi saleresna abdi ge sono  
ngan alim mere nyaho  
abong senah lalaki

dina hiji peuting  
ngalamunan  
hirup anu kadang diluhur nya  
kadang standing,  
tapi ieu sono ka anjeun  
teu bisa eling.

saurna abi teh bucin  
ngan alim mere nyaho  
sakali deui, abong senah lalaki.

## **Pangabutuh**

wanci ngenal duit  
balad jeung dulur jadi leungit  
ku sabab dituntut pangabutuh  
lameh hirup teu ripuh  
tapi akhirna janten silih tuduh  
garelut kusabab pangabutuh  
haté janten keruh  
duh euy, ripuh.

## **Abdi**

abdi gejala  
dina carita  
anu diserat ku pangarangna  
teu sabaran ngalokonan hirupna.  
abdi derita  
anu teu anggeus-anggeus  
dipidawuh, ku nabi kamalaratan.

## Puisi Goreng 1

Penyair-penyair ejakulasi nulis puisi  
tukang khotbah ngumbar syahwat  
teu pernah ereun nyiarkeun kamaslahatan  
nyeun hirup masih kénéh kaburot maktan  
tapi senah kedah waé ngalaksanakeun kahadean anjeuna hirup  
awut-awutan.  
abi hoyong meser iman  
dina sapotong video influencer terkenal  
reseup pamor ogé hoyong meser ideologi anu dijual di warung  
kopi.  
tukang nulis warta di pajamanan algoritma dipaksa nulis carita  
porno, ngabongkar salingkuh jeung skandal artis mukakeun aib  
sabari ajeunna ngaloco  
jang SEO jang algoritma klik per klik nambahan duit.  
mahasiswa nu sok demo  
ngadatangan pajabat  
ngajual massa  
hianat ka perjuangan baladna sorangan.  
naon anu dipercanten salian kaimanan,  
Salian geura ngalungkeun motolov dina éta panangan?  
Penyair-penyair masih kénéh ngaloco ngadameulan puisi.

Playlist lagu jang maturan nyeuri hate:

1. Darso - Mawar Bodas
2. Darso- Kabogoh Jauh
3. Doel Sumbang-Tétéh
4. Yayan Jatnika - Hampura
5. Héttý Koés Endang-Émut Baé